Соколёнок

# Лачен

2/2019

март–апрель

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# МухIамад ГIисаевасул тIубаялде 70 сон



## КвартIил кечI

КвартIил кIутIи рагIула,
РекIел кIутIи кинигин.
Рогьел мугIрул тIогьазда
ТIибитIулеб гIужалда.

ГIумру гьебгун цIилъула
Ансадерил къватIазда,
Къо гьелъукь байбихьула
МахIачил ватIаналда.

КвартIа буго кIутIулеб,
ТIадагьго кьурдухъанас
Ракьалда гIодоб хъвалеб
ХIатIил килищ кинигин.

ТIогьолъан тIурулелъул
Бисил зодор лъурулел
Лълъурдуца хъвалеб гIадаб,
Накъищги бахъулаго.

ГIетIалъул гарал руго
Гирун тIилида чIолел,
ТIад кIутIула цо квартIа –
ТIегьалеб ахин ккола.

ГIумрудал хъуди буго
Хъвалеб гIарцул кунаца, –
Куракул цIул цIилъула
Идирисил кверазукь.

ГIажаибаб кечI буго
КвартIида гъоркь бижулеб, –
МустахIикъал ирсилаз
Босун цIулал гьурмада:

Дир гIагараб ракьалъул,
Ансадерил рахъалъул,
Халкъазул вацлъиялъул,
ЯхI бугел гIадамазул.

# Мадинае



Рогьалида рачIун
РещтIуна макал,
Мадинаги цIехон,
Горда гунгузе.

Гозоялъ гордада
КIутIун абула:
– Бакъги борчIун бугин,
ЙорчIичIищ мунан.

Бакъвараб чедалъул
Букъун цIезабун,
Гьеб, тIавапги гьабун,
ТIанчIахъе уна.

Берал ричIарабго
Дида цIехола?
– Дада, жакъаги доб
Микки бачIанищ?

БачIанин абидал,
ГIайибал чIвала,
ЙорчIизе гьайичIей
Щайха дунилан.

Дицаги ургъула
Берцинаб маргъу,
Бусеналда ругел
Долъул тIанчIазул.

Эбел кватIанани
Дол гIодулаян
ГIемераб мех къватIиб
Долъ баларилан.

Цинги Мадинаца
Дида абула:
– Мун щайзе кватIулев
Рокъовейилан.

Миккиялъул тIанчIи
Миккидахъ гIадин,
Дунги чIун йикIунин
ЧIалгIун духъ, дада.

# Гордал

Щибаб рогьалида,
Дир цIорол гордал,
ЦIалтун ратула нуж
МагIил гаразулъ.

Хадуб, гIиссиналго
Мухъал нахъе хъван,
ХъантIун гьекъола гьел
Бакъул чIораца.

Сундухъ нуж гIодулел,
ЦIадулал берал,
ЦIа жаниб сунареб
Дир минаялъул!

Сардил бецIлъидакьа
РакIги хIинкъунищ,
ХIалхьи гьечIеб рокьул
Угьди, бакIлъунищ!



# Херасул кверал

ТIамах гъарал гъотIол
Гьаркьелал гIадал
Кверал руго херас
Хинлъулел цIадухъ.

Гьел кверазул хинлъи
Жидеда хъвачIеб
Хурги ахги гьечIо
Гьаб сверухълъуда.

ЦIадул мацIал руго
Къула-рорхулел,
Цере гьасул кверал
ХIалтIулъ кинигин.

Кверал цIадудасн
Гуро хинлъулел
Хинлъулеб буго цIа
Херасул кверaз.

* * *

Жакъа мун гъечIого лъагIел сверана,
Дир Дагъистаналъул свине гъечIеб цIа.
ЦIа гIадинаб рекIел кIутIиги къотIун,
Къанаца дур лахIту бахчаралдаса.

Гъанже хутIун руго ракIалдещвеял,
Рищизе пикрабалъ, халатал сардаз.
Сасунареб унти дур камиялъул,
Каранда гIумруялъ бакI ккун букIине.

Ахиралда дуда абизе щвечIо,
Цо-цо мунагьазда тIасалъугьаян.
Доб дур кIодолъиги дир гьитIинлъиги,
Лъазе вижаралъухъ баркала кьезе.



Хаслихъе зоб къотIун къункъраби руго,
Къуркъур бачунаго югалде унел.
Дица Аллагьасда гьарулеб буго,
Мунагьал чураги Расулил абун.

* * *

Бегараб гIурудал рагIалда вуго,
ГIажаибаб ракьул махIалъги мехтун.
Кьалбал цереги лъун, хурдулги руго,
Ракьалъ тIелхал рахчун тIугьдулги руго.



Гьанир хIанчIи руго хIалтIуде руссун,
ХIутI-хъумур хъирщулел гIеркьазда гъорлъа.
Гьаниб гIумру буго букIинеселъе,
КIудияб кьучI лъолеб лъазе захIматаб.

Ракьул гIерекъ дица къан буго хъатикь,
Хъурун килщазукь гьеб хIурлъун чвахула.
Чан дун гIадинасдай гьуърулъе цIана,
ЦIибегараб ракьул бокьулеб гьаб махI.

Огь, сверухъ дуниял, сверулеб дунял,
Дунги гъорлъ жувала ракьул гIерекъгун.
ГIуру бегараб ракь, дур ракьаналда,
Дун гIадин вачIина цониги инсан.

Бегараб гIурудал махIгун кIалъана,
Дир рукьби турараб ракьалъул гIерекъ.
Яги кIалъаларо, лъида гьеб лъалеб,
Сверухъе дуниял, сверулеб дунял.

# Эмен

МагIил бералги цIун дур гIелцояца,
ГIиса камунилан, каранде къала.
Кидал тIадвуссунев жидер дадаян,
Данде вачIун васас суалал кьола.

Дунни божуларо жегиги, эмен,
Эбелалда хадув мунги иналда.
Дида тIад тIох ккураб хIубиги бекун,
Кинабго дуниял тIаде ккеялда.

Киве иневилан къачIадула дун,
ГьечIогури тIокIалъ тIадвуссине бакI.
Хобазул рагIалда кIиябго зани,
Зама-заманалда аскIове щвезе.

РакIалда букIинчIо гьадигIан хехго,
Хадув валагьилин дур малиялда.
Дир беразул хIорал хIабургъун руго,
Вуссунареб сапар, свана дир чирахъ.

Дица къадаралда дагIба баларо,
Цебе чIолеб буго чIагояб сурат.
Дуй гьабизе кIвечIеб хъулухъалъ гьанже,
Хъухъалеб буго ракI сардалгун къояз.

Абадиябилан дуниялги ккун,
Дида тIасалъугьа, хIалкIолев Аллагь.
Умумул ругезде дир гьари буго,
РакI сукIизе гьезул гьабугейилан.



ГІаишат Малачиева

# Их бачІиндал

Хасалил ханлъи чучлъун,
НуцІида кІетІолеб их,
Бищун цебеги борчІун,
ЧІаголъун куракул ах:

ГІадатІа – тІогьол тастар,
ТІад сверулеб тІалил най,
ХІайранлъун – ахил устар,
ТІаде гІунтІулеб оцбай.

Разияб недегьлъигун
Гьороца бачунеб ахх,
КанчІбагІарал кІутІбигун
ТІегьазесеб мокьрол ах.

Дир росулъ махІ берцинаб
РештІун ихдалил байрам:
РахІматал тІаде щвараб
НигІмат гьарзаяб алжан!



# КатитІинчІ

Басандухъан – Ичико,
Кида дуда свак лъалеб,
Гогьдарухъан – мимикІо,
Састун щибун мун чІолеб?

Юргъаналда гъоркь бахчун,
Рахчирукъ хІазе лъалеб.
Биччараб мацІги бахъун,
Берал, мегІер чІикІулеб.

Кьижун те дун, Ичико,
Радал яхъине кколей,
ТІутІун яге ясикІо,
Барщун, гІодизе лъалей.

Маргъудул мурмур баче,
Хехго берал къанщизе.
Тири-туруян бице,
Макьу гьуинаб щвезе.



# ГІамирица бицараб хабар

## Багъатар ХІажиев

МагІардаГІамирицагІемерпулаан щвантІих. Хасго къаси-къаси цІадуда сверухъ гІодор чІедал, бокьулаан нижее гьелъул панаяб гьаркьихъ гІенеккизе. РоцІараб зодир кенчІелел цІвабиги, сверухъ гІиси-бикъинал рухІчІагольабазул нусго-азарго батІияб сасги, гъоба гъоркь хъудулеб АваргІоралъул гІумруялъго лъугІулареб гІажаибаб хъудиги – гьеб киналдаго тІаде ГІамирил щвантІихалъги хІикматаб берцинлъи кьолаан роол сардие. ЩвантІихалде кверал жалго унаан гьесул цІан. Бахъун бачІунаан рес рекъанщинахъе лъороса гьес гьеб. Гъваридго угьулаан, лъикІ мехалъ гьелъухъги валагьун, дагьабго тира-сверизабулаан кверзукь. Хадуб, гьимизеги гьимун, гьаругьин кІутІбузухъе борхулаан. Хадур рахъ-рахъалде чвахулаан рекІелъе рортулел щвантІихалъул бакънал. Пулеб щвантІих гІемер свер-свердизабулаан рахъ-рахъалде, живго цеве-нахъе гьанкІулаан. Гьединаб мехалъ гьесухъги валагьун, гьакІкІан кІалгун гІенеккун вугев дица пикру гьабулаан гьеб батилин ГІамирица ракІ-ракІалъ щвантІих пулеб мехилан. Мех-мехалъ нижер берзул чІорал данде кколаан. Кина-кинабги рохелищха рехулеб букІараб дир гьурмаде гьев гьимидал!

Кидаго гІадин, цо сордоялъги лъороса бахъун бачІана ГІамирица щвантІихъ. Щуща-



заруна рахъ-рахъалде магIарул бакънал. Къваридабго, пашманабго кочIол цо чамалиго мухъцин ахIана. Хадуб лъикI мехалъ пикрабазда вугев чи гIадин, цIадуда тIадеги къулун, къанщун бералгун, вуцIцIухIун чIана.

ЩвантIих гьоркьоб къотIизе тедал, дица ГIамирида гьикъана:

– ГIамир-кIуди, цевегойищ мун гьаб гьайбатаб тIагIелалде ругьунлъарав? – илан.

Гьес хъалияналда цIа рекIинабуна.

– БитIун бицани, дир вас ГIали, гIумруго анилан абизе бегьула дир гьаб щвантIихгун, – илан бицана гьес. – Гьалъулги дирги гьудуллъи гьале кIикъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIараб соналъ буго. Бихьуларищ дуда гьаб басралъун, чIегIерлъун буго куц! БукIаниги гьедигIан гIадада хвараб жоги гуро аб, жеги таманаб къо хIехьела алъ.

ЩвантIих, ГIамирго гIадин, херлъун букIана. БукIаниги, ГIамирица абухъе гьес жинцаго гIадин, гьалъги къо рехулеб букIинчIо.

Германиялъул фашисталгун вагъулагоги букIун бугила ГIамирица цадахъ босун щвантIихилан рагIун рукIана дида харбал. ТIубан божуларого вукIана гьел харбазда. Дида киноялда бихьунниги, тIахьазда цIалунниги, рагъда гIахьаллъарал цо-цо гIадамаз бицунниги лъалеб букIиндалха рагъда эркенаб заман гьедигIан букIунареблъи, рагъухъаби ихтилаткепалде гIемер регIун рукIунареблъи. Амма букIарабищ рагъда мунгун цадахъ гьеб щвантIихилан ГIамирида гьикъизе гьанжелъизегIан таваккал гIун букIинчIо дир. ЩIакъго цIакъ гьеб пикруялъ рахIат хвезабизе бахъиндал, дица гIиял удаманасе гьеб суал кьуна:

– БукIараб валлагь, ГIали, букIараб щвантIих дунгун рагъдаги. Берлиналдеги щвараб гьеб, Москваги бихьараб гьелда.

ГIамирица нахъеги кверзукь тира-сверизабуна щвантIих. Цо дагьабго заманалъ пузеги пуна. Дунин абуни, кидадай гьес хабар бицинайилан, рахIатхун, гьесухъ валагьун хутIун вукIана.

– Рагъ байбихьараб соналъ дир букIана кIикъоялда анцIгониги сон, – иланги абун, лъороб лъуна ГIамирица щвантIих, – вехьлъун вукIана дун колхозалда. Дир кумек гьанибалдаса доба хIажат бихьулилан кьун гIарзагун, диего бокьун, фронталде ана дун. Унгейин, мун колхозалъе хIажат вугилан гIемерал данде чIун рукIана колхазалъулги районалъулги хIакимзаби. Мун, херав чи, фронталде расги хIажат гьечIилан гIинде квачI бегьизего чIолев вукIинчIо районалъул рагъулав комиссарги. Дир бакIалда заманаялъгIаги гIи хьихьун руччабазухъаги бажарилилан хIакимзабаздаги абуна, туманкI кодоб ккезе кIоларев чийищ дун вугев, рагъул майданалде витIичIони, солдатазе квен гьабулевгIаги вукIинилан комиссарасдаги лъазабуна. Кинго дун тIаса вичIичIеб мехалъ, нух битIагиийилан дир кверал росана гьез. Цадахъ щвантIихги босун, дицаги фронталде бухъизабуна.

Амма фронталда чIечIо дун, командирзабазе бокьухъе, солдатазе квенги гьабун. Босун туманкIгун бадиса бадиве тушбабигун вагъизе рагъул майданалде ана. Гьал мугIрузда бацIал-циялгун вагъун гIумру арав дие дагьалги рокьукъал бацIаллъун рукIана нилъер эркенаб халкъалъул рахIатаб гIумру хвезабизе нилъеда тIаде кIанцIарал фашистал. Дица чIаран ралаан гьел. ЧIван гIодор ккедал, цо-цо гулла тIадги речIчIулаан, щиб лъалеб, бацIил хасият бугел гьел, хун ругилан ккезе гIодор регун ратизеги бегьулаян пикруги рекIелъе кIанцIун.

Дун солдатаз жидерго эменлъун рикIкIунаан. ХъахIаб мегежалъул дунги михъ-мегежцин баккичIел гьелги цохIого гIелалъул гIадамалилан рикIкIине бегьилищха. АнцIила ичIго сон барав сержант вукIана

нижер батальоналъул командир. Дида гьев гьайбатав гІурус васас гьарулеб букІарабащинаб, эмен, чІа мун рагъде вахъинчІого, лъе дуца гьеб туманкІ гІодобилан. ГІайиб гьабуге, Сергейилан, гьесул гъажалда квер лъолаан дица, гІайиб гьабуге, дир вас, херавилан-бахІаравилан чІечІого тушманасдаса къисас босизе къваригІун буго. Гьединаб буго магІарулазул гІадат. МагІарул чияс рогьо киданиги хІехьоларо.

Кида рагъде тушманасде гьужумалъ унел рукІаниги, дун унаан бищун цеве вортун, кида валагьаниги, гьалмагъзаби ратулаан дида сверухъ, дун цІунун, хасго Сергей дидаса рикІкІалъизего рикІкІалъулароан. Гьес команда кьолаан, цІар-цІар абун солдатал рахъ-рахъалде ритІулаан, живгойин абуни унароан кивениги, дунги рехун тун.

Белоруссиялъул цо росдае гІоло ккана цо нухалъ гІасияб рагъ. Тушманас цІоб тун кьвагьулеб букІана нижеде. Гьесие бокьун букІинчІо гьениса нахъе къазе.

Рахъ-рахъалдаса рортун, чІер барсизабулеб букІана фашистазда тІад нилъер цІумазги. ЦІарги босун бахІарчияб куцалда хвана нилъер гІемерал васал, амма росу бахъана. Росдал къватІахъан, «Ура!» – янги ахІулаго, кодор автоматалгун рекерулел рукІана ниж. Сергейица гьужумалъ рачунел рукІана нилъер бахІарзал. Цере-цере тІурулелго тІурулел рукІана фашистал. ХІинкъиялъ гьез ярагъ



гIодобе балеб, кверал рорхулел рукIана.

ГIолохъабазда гIадин, херав дида халатккун векеризе кIолеб букIинчIо. Дун дагъа-дагъав нахъа хутIулев вукIана. Гьеб бихьарав Сергей дида аскIове вортун вачIана ва, кверги ккун, хIинкъи гьечIеб гIадаб бакIалдениги рорчIизейилан дун хадув цIазе лъугьана. ГьебсагIатго бокIнилъан речIчIун бачIараб гуллица рухI босана гьев бахIарчияв гIурус вас Сергейил. Гьесда гула речIчIарав дов хъурумсахъасейин абуни дица ахир лъуна. Гьедин дие гIоло гIумру кьуна гьес. Кутакалда ракI бухIана гьесда хадуб. Дида дирго василан гурого кколарев, киназего вокьулев кьвararав гьев вас дир берда цеве хвана. Холаго гьесде тIаде къулarav дир бадиса бухIараб магIу чвахана жеги хинго букIараб гьесул гьурмаде.

– Рагъда щвантIих пузе заманго гIолааниш, ГIамир-кIуди? – ян гьикъана дица вехьасда, дагъабго заман индал.

– ГIолаан. ГIезени щай гурин гIолареб, хадуб гьеб нижеца рагъул мурадалъецин хIалтIизабулаан. Сверухълъиялдаго цIар ун букIана дир щвантIихалъул. Солдатал гъираялда гIенеккулаан дица гьелда рачунел магIарул бакъназухъ. Чанги дагъистаниялги рукIана дида цадахъ. Украинал, гIурусал, хъазахъал, узбекал – киназего хиралъана дихъ бугеб гьаб гIадатияб тIагIел. СанагIат кканцинахъе гьарулаан гьез дида, эмен, бачейин доб дагъистаналъулабилан. Дицаги гъираялда бахъулаан къватIибе щвантIих.

Цо къоялъ къаденахъе нижер батальоналда лъазабуна кIинусгоялдаса цIикIкIун украинав немцаз Германиялде къотIулев вугилан. КъотIи ккана къаси дунги цадахъ ичIго-анцIгоявги разведкаялъ ине. Гьардухъанасул ретIелги ретIун, тIад цо бaгь-багьараб, хIул-хIулараб тIагъурги лъун, къвалакь таргьаги бан, пулаго щвантIихгун, жиндиего чед-хинкI балагьизе къватIиве вахъарав чи хIисабалда, гьартун биччан хъахIаб мегежгун, дун немцал дидехунги руссинаризе гьезул гарнизоналде ине кколаан. ХутIаразин абуни, тIутIун кIулалгун, вагоналдаса къватIире украиналги риччан, гьел часталде рачине кколаан.

Гьедин нухда рахъана ниж. ЦIорораб сордоги букIана, пулеб гьуриги букIана. БакI-бакIалда гIодоб ккараб гIазуца лъугьинаруралищ, балеб цIадаца цIезаруралищали, лъадал хIоралги ратулаан.

Немцазул гарнизоналде щолаго, жидерго ишалъ вагонал ругеб рахъалдехун ралагьун гьалмагъзабиги ана, пулаго щвантIихгун немцазде тIаде дунги вилълъана.

Маххул нухлул вокзалалда букIана немцазул комендатура. Гьелда нахъехун кIинусго-кIинусиялда кIикъоялда анцIго метралъ рикIкIада букIана Германиялде украинал рачун ине хIадурлъулеб бугеб поезд. Комендатураялда цебе букIана кIудияб майдан. Гьеб майданалде щвана дун гьеб сордоялъ пулаго щвантIихгун. Немцал, иргадулаб хIадурлъиялдаса хадур, ихтилат-кепалда, рохел-тирхиялда ратана дида. Дир щвантIихалъул гьаракь рагIидал, гIагIаялда данде рортун рачIана гьел. Тунка-вухулаго, азбаралде вачана дун. Гьав гьардухъан вихьулилан бачIинахъего пикру гьабураб къагIида гьез, цояс чадил кIиго кесек бачIана босун. Дицаги, гьезие баркала кьолеб гIадин, гIодовеги къулун, хIурматги гьабун, гьимизе хIаракат бахъана. Цоял жидерго мацIалъ ццидалъ ахIдана диде. Дида ккана щвантIих пуйилан абулеб бугин гьес дидаян. Пуна. Гьев гьимана. ХутIарал релъана. Дица гьоркьоб къотIизе тана. Цогиясги бачIана бащдаб буханкагIанаб чед босун. Дица баркала кьун, пуна. ГьакIкIан кIалалгун гIенеккун рукIана дихъ фашистал. Цояз дун анивехун, цояз довехун тункана. Кодосаги бахъун,

цояс щвантIахалъухъ лъикI хал гьабуна.

Хадур, лъикI мехтун рукIине ккола, жалго лъугьана кьурдизе.

СагIатгIан заман бана гьеб сухIматалда. Дида чIалгIун букIана гьел жанаваразе щвантIих пуй. Дида рихьулел рукIана гьезул гIалхулал гьурмал. Огь, гьезул рокьукълъи!

Дир ракI гIедегIун букIана частал-де. Дие бокьун букIана разведкаялъ рахъарал дирго гьудулзабазулгун гьез хвасар гьаризе рукIарал дол асиразулги къисматалъул ккараб жо лъазе.

Немцазе баркала кьолеб гIадин, гIодовеги къулун, къвалакь щвантIихги къазабун, ине лъугьана дун. ТIадги речIчIун, чIезавун цояс. Бокьаниги бокьичIониги, пузе ккана хадубги. Риччай кьурдизе хъурумсахъал!

Цо заманалдаса ракIалдаго гьечIого аскIорго рагIана автоматазул тIвар-тIвари. Цо-цоккун гIодор ккезе лъугьана немцал. Гьез ахIи-хIуралда сверухълъиго кодобе босана. Дунги кIочон тун, гIадлу биххун, рахъ-рахъалде кьвагьдезе лъугьана гьел. Амма цо чи ворчIизеги виччачIого, чIванги, кверде восунги, лъугIизабуна гьениб немцазул хIукму.

ХIакъикъат хадуб гурони лъачIо дида. Асирал хвасар гьаризейилан арал дир гьалмагъзабаз, нахъасанги рилълъун, гьанкъун руго гьел цIунун рукIарал тушманасул хъаравулзаби, риччан руго асирал, сас бахъинаредухъ къватIире, аскIобго букIараб яргъил складги талавур гьабун, кьун буго щивасухъе туманкIниги автоматниги, хадур кIанцIун руго дица дидехунго руссинарун рукIарал немцазде тIаде. Гьеб гьунаралъе гIоло кьураб буго, ГIали, Рагъулаб БагIараб байрахъ орден.

Хадуб, гьудулав чи, Берлиналдеги щвана дун. Цадахъ букIана щвантIихги, Рейхстагалда, тIад нилъеца бергьенлъи босанилан, БагIараб байрахъ парпадараб мехалъ, гьелда аскIовги чIун, рахъ-рахъалдеги сверсвердизабулаго, дир щвантIихальги биччана эркенлъиялъул, талихIрохелалъул, ритIухълъиялъул бакъан. Бачана халкъалъул эркенлъи малакь мерхьанилан пикрабазда ругел хъубал тушбабазе нагIана кьолеб бакъан.

9 Маялда Москваялда рагъулаб парадалда дир щвантIихалъул панаяб гьаркьица куркьбал гъуна нилъер бахIарчиял цIумал – цIар рагIарал рагъухъабазда.

Гьале, гьудулавчи ГIали, дуе дир щвантIих. Цогидазул гIадаб гIадатияб щвантIих гуреб дир аб бугеб!

Гьединги абун, ГIамирица нахъеги байбихьана щвантIих пузе.



МухIамад ХIажиев

# РогьалилЪ росу



Радал хъахIлъи лъалаго
Лъаразул чили буго,
Гьелъ чIечIого бачунеб
ЦохIого бакъан буго.

Цинги хIелказул буго
ХIалакараб гIегIеди,
МагIарда гIиял буго
ГIажаибаб цо гъади.

БахIсалде лъугьун хIанчIи
Руго сверухъ чIирчIилел,
Рохьдолъе рачун унел
ГIачи руго гIергIелел.

ГIурдада свери бахъун
КIанцIелеб буго тагьи,
Тирилъи бихьулищан
Буго эбел балагьун.

ГIансица щвантIих пуна,
Вехьас лалу бачана,
Бачаз гIурдаллъиялда
ГIанчIаб кьурди бахъана.

Варанидул мугъ гIадаб
КIиго щобда гьоркьосан,
Гьимулаго разияб
Бакъул гьумер баккана.

# ГIанкIуги тIанчIиги

Къоло кIиго тIанчIие
Кванил гIамал гьабизе,
Гьелги рачун къватIибе
Бахъана нижер къурущ.

БакI-бакIалда хъирщадун,
КъукI-къукIги бачунаго,
Батанщинаб мугь, хIутIал
ТIанчIазе рикьана гьелъ.

КъукI-къукI,
кIутI-кIутI-кIутIилан
ГIанкIуялъ абулаан,
ЧIив-чIив, щиб-щиб-щибилан
ТIанчIаца абулаан.

– КъукI-къукI, рикIкIаде унге,
Ани, квеш букIунеб лъай.

– ЧIив-чIив, щай-щай, анани
Квеш букIунеб гьеб, эбел?

– КъукI-къукI-къукI, кету буго
Кибго нужее чанкъан.
Къосун нуж хутIаралго
Хапан ккун рачун ине.

– КъукI-къукI-къукI,
къачIай гьанже
Къокъине рокъорехун.
– ЧIив-чIив-чIив, щай, эбел, нилъ
Цо дагьалъги чIоларел?

– КъукI-къукI, Къадица нилъей
Квен кьолеб заман щвана.
Щиб-щибниги нилъее
ХIадурун батила дос.

# Дир вац

Гьойдуй рахIат толарев,
Кетугун васандулев,
КвартIагун магIал росун
КIетIарулев чIоларев;

ГъветI-гъветIалде харулев,
ТIох-тIохалде вахунев,
ТIилида тIадги рекIун
Дир чуян векерулев.

ЧIалгIен гьечIев, свак гьечIев
Сабуралда чIоларев,
РахIат, хIалхьи лъаларев
ХIикматав вац вуго дир!



Ахмад Хамзатов

# АБУНДАЧ

*Абундач ккола, къец бан, къосинчIого хехго абизе кколел жугьаби. Данделъараб бакIалда рекIелгъеялъе тIобитIулеб кIалзул гьунаралъул хIай. Гьеб къец бачунес мухIканго абула цо абундач – шигIрияб роцада сокIкIараб пасихIаб кIижугьа (гIемерисеб), ункъжугьа букIуна, цо жугьаги букIине бегьула. КъосинчIого, щуцIул тIатIала хехго абизе ккола гьеб иргадал щивав гIахьалчияс. Аллитерациялда хадув ун, гъалатI биччарасда гIакIа ккола. Итаравго, чIезеги гьавун, гьесие «тамихI» гьабула: бадир кверalги чIвазарун, гьезда тIинкъур бачуна, килщал данде ккезегIан яги хIелкихъего гIегIедизе, кьурдизе, кечI ахIизе тIамула. Гьоркьов чи течIого, цо абундач киназго абизе ккола. Цо ирга лъугIарабго, цоги цIияб абундачалде байбихьула. ХIай тIобитIула данделъаразда чIалгIинегIан. Чанго мисал:*

***

**СурахIаби рехулеб хIор,**
**Къуркъби рехулеб хIор.**

***

**Бухьун михир хьунде рехе.**

***

**Махщел чияс босула,**
**Чед махщелалъ босула.**

***

**Гьобол щведал, хьаг къаге,**
**Хьон хьалелъул, квер къаге.**

***

**НусцIул бици какараб,**
**ЦоцIул бихьи беццараб.**

***

**Рекьи гьабе, ракь чучигун,**
**Рокьи гьабе, ракьа къайгун...**

***

**Цо цIа гIадаб чуялъе**
**Цо цIал кьабгIараб гIола,**
**Цо лебалав чиясе**
**Цо лъикIаб рагIи гIола. (Р.ХI.)**

***

**ХочIалдаса хабар лъикI,**
**Харбидаса хинкIал лъикI.**

# Хочо ХIамзатов

# АсаламгIалайкум

*«Ассалам гIалайкум» – щвана ракьалде,*
*«ВагIалайкум салам» – вуго ракьалда,*
*Ассалам гьечIони, гьечIо вассалам,*
*Гьеб кIиябго рагIи – гIумрудул закон.*
**Расул ХIамзатов.**

Нилъер магIарулазул гIадат буго «Ассалам гIалайкум» абун салам кьолеб. Гьеб гIараб каламалъул магIна ккола «Нужее рекъел!» абураб. Дандиязги жаваб гьабула «ВагIалайкум салам!» – «Нужееги рекъел!» абун. Росабалъ гьеб гIадат лъикIго цIунун буго. Шагьаразда, гьединго чи хIалал цогидал бакIаздаги гьанже киналго данде чIванщиназе салам кьун бажаруларо, амма лъалел-хъвалел гIадамал рихьараб мехалъ къотIнобги, тукадаги, кино-театраздаги, хIалтIудаги цоцазе салам кьола, кьезе берцинабги ва жеги тIадаблъунги ккола. ХIалтIул къо байбихьула саламалдалъун. Гьелъ нахъбуссинабула коллективалъул хIалтIухъабазда гьоркьоб щивниги чиясул сунда бугониги бахъараб щцин, чучлъизабула ракIхвей, рагьула рекIел пардав.

ДандчIвараб мехалъ салам кьолеб гIадат буго нилъедаго лъалел-хъвалезе гуребги, мадугьалихъ, цого минаялда ругел, хIалтIуде-нахъе цадахъ кколел, цого транспорталда хьвадулел гIадамазеги. Гьединго салам кьезе ккола кида букIаниги нилъецаго яги нилъее лъикIлъи гьабурал гIадамазеги, гьел дагьго лъалел чагIи ругониги. Гьелдаго цадахъ ЦIадаса ХIамзатица «ГIумруялъул дарсазда» нилъеда малъулеб буго:

*«Дургун ракI сукIарав гьалмагъ,*
*Салам кьун, нечезе гьаве».*

Салам кьеялъе хIалтIизарула цого «Ассалам гIалайкум» гуребги, цоги батIи-батIиял рагIабиги. Масала, «ворчIами», «йорчIами», «рорчIами». Гьездалъун салам кьола хасго нилъеда лъикIго лъалел гIадамазе. Салам кьезе бегьула: «Нужеде (дуде) салам!», «Нужее сахлъи!» - абунги. Нилъеца салам кьолев нилъер мацI бичIчIуларев чи вугони, хIаракат бахъизе ккола гьесие салам гьесда ричIчIулел рагIабаздалъун кьезе.

ТIоцебе салам лъица кьолеб?

ГIодосанго батараб ва тIибитIараб гIадат буго тIоцебе салам гьитIинас кIудиясе, бихьинчияс чIужугIаданалъе кьолеб. ТIаде рачIараз гьоркь ратаразеги, рекIараз лъелазеги, тIасагъоркье рачIунез гьоркьа тIаде рачIунезеги салам цебе кьола. Амма гIумруялъул кинал шартIазде кканиги, кIудиязе салам кьей гьитIиназда тIадаб буго.

Ясаз яги гIолохъанай чIужугIаданалъ ригь араб гIумруялъул бихьинчиясе салам цебе кьола. Лъималазги салам кIудиязе ва жидедаго гьорлъ цIикIкIаразе цебе кьола.

Салам кьолаго, дандчIвазе кIиголъабго галул манзил хутIараб мехалъ, рази-ракиго цоцада бадире ралагьула.

Кверал росулаго, гIолохъаби ва бихьинал дагьалго гIодоре къулула. Руччабаз гIицIго бетIер къулизабун тола.

Нилъеда цадахъ гьалмагъ вугони ва гьесие цогидав чияс салам кьуни, гьев лъаларев чи вугониги, бетIер къулун гьесул хIурмат гьабизе нилъедаги рекъараб букIуна. ЧIужугIаданалъ гьединаб мехалъ лъаларев чиясул салам тIадбуссинабула, гIицIго дандчIварас гьелъиеги хасгьабун салам кьунилан.

Цадахъ вугев нилъер гьалмагъасе нухда дандчIварав нилъеда лъаларев чиясе салам кьолеб бугони, бетIер къулун, гьев кIодо гьавизе нилъедаги рекъараб букIуна.

Квер бачунаго, гIадат буго чIужугIаданалъ бихьинчиясухъе, хъулухъалъ тIадегIанас цадахъ хIалтIулесухъе квер цебе бегьулеб. Херал ва цебесеб гIагарлъиялъул гIадамаз гьеб къагIида цIунизе кколаро.



Цо-цо халкъалъул, масала, гІурусазул цебегосеб гІадат буго кІудиясухъе квер гІиссиназ кьолеб. Амма, магІарулас вас цІакъ гьитІинго ругьун гьавула гьоболасухъе квер цебе кьезе, гьесухъа чол квелъ босизе. Гьединлъидал, магІарул гІолилаз кІудиязухъеги, гьалбадерихъеги, тІаде рачІаразухъеги квер цебе бегьиялде гІайиб гьабизе кколаро.

Квер бачунаго, халатаб заманаялъ чияр квер ккун чІезабизе, яги гьеб кутакалда данде къазе, яги цІакъго кІобокІахъдизабизе рекъараб букІунаро. Квер бачараб мехалъ, квегІабги тІад лъей беццараб жо гуро. Гьедин гьабула нилъер дагъистанияз цо-цо мехалъ, масала, чи хвараб бакІалда цебесеб гІагарлъиялъул чиясда зигара балаго, жиндиего гьабураб цІикІкІараб пашманлъи загьир гьабизе гІадин.

Бихьиназ цоцазул кверал росула ялъуни кІиясго квердаххелалги тІаса рахъун, яги кІиясго гьелги тІадго тун. ЧІужугІаданалъул ихтияр букІуна, бихьинчиясухъе квер бегьулаго, квердаххелал тІадго тезе, амма гьедин чІужугІаданалъул квер босулаго, бихьинчиясда тІадаб букІуна квердаххелал тІаса рахъизе.

ЧІужугІаданалъ саламалде данде жаваб гьабизе ва квер кьезе бегьула гІодой чІараб бакІалдаса тІаде яхъинчІого, амма гьебмехалъ гьелъул гьумер салам кьолев чиясдехун буссун букІине ккола. Нилъер гІолохъанал руччабазул, хасго жидедаса кІудияв чи тІаде вачІиндал, тІаде рахъунел ва намусго гьесул хІурмат гьабулеб гІадат буго.

Бихьинал, лъилниги квер босулаго, чара гьечІого тІаде рахъунеб гІадат буго.

Кинал шартІазда букІаниги, чІужугІаданалъе салам кьолаго ва гьелде дандчІвай гьабулаго, бихьинчи гьелъухъе квер кьезе гІедегІизе кколаро, щайгурелъул гьелъие байбихьи тІоцебе чІужугІаданалъул рахъалдасан букІине кколелъул. Нагагьлъун квер кьезе гьелъие бокьун батичІони, бихьинчиясда рекъараб букІунаро хІалицаго гІадин гьелда гьеб кьезабизе. Бихьинчияс чІужугІаданалъухъе квер кьола аскІове щвараб мехалъ ва гьелъ жиндихъе квер кьезехъин букІин бихьидал.

ТІаде рачІараз гъоркь ругезе салам цебе кьола. Нахъе унезги къо-лъикІ гьаби цебе гьабула. Гьебго къагІида хІалтІизабула руччабазги.

Цо бакІалда чІун ругезе салам кьола аскІосан унес, гьев хъулухъалъ тІадегІанав вукІаниги, гьединаб мехалъ гІадамалги гьесдехун руссуна.

Салам кьолеб ва гьикъа-бакъари гьабулеб мехалъ хІажат гьечІого ахІдон кІалъазе ва гІагІадун релъанхъизе рекъараб букІунаро.

РикІкІада вугев чиясе нилъеца салам кьезе бегьула, бетІер къулун, икрам гьабунги, тІаса тІагъур бахъун, ишара гьабунги. Рос-лъади цадахъ цоцазда данде ккани, россал ва лъудби батІа-батІаго цере гьикъарула, цинги руччаби бихьиналгунги гьикъарула; квералги цоцазда тІасан-гъоркьан ккеларедухъ рачуна.

Кьураб квер бачинчІого тей инсан хІакъир гьави ккола. Гьелъие цо кинаб букІаниги гІилла бугони, масала, гриппалъ унтун, гьеб гьалмагъасе баян гьабизе ккола.

Минаялда жанив вугеб мехалъ, бихьинчияс тІагъур бахъула. Гьеб бахъизе кколаро болъодухъан унаго, коридоразда, тукабазда, вокзалазда, почалда ва гьелго гІадал цогидал бакІазда.

*ЧІахІизул хІурмат гьабе,*
*ГІисиназдехун недегьлъун вукІа,*
*Руччабазул адаб гьабе!*

**(Аваразул кицабаздасан)**

Муса Махьамадов

# КIодол цIалкIу

ТIаде щолеб букIана тIоцебесеб сентябралъул къо. Исана тIоцее школалъул азбаралда рещтIине йикIана Субайбатги. ТIоцебе рагьизе букIана гьелъ класслде нуцIа. Эбел-инсуца кинабго къваригIунебщинаб къачIан букIана гьелъие; «ЧIаха, цо», – ян абураб мультфильмаялдасан босараб бацIилги гIанкIилги сурат тIад бахъараб берцинаб портфельги, букварьги, батIибатIияб кьералъул къалмал жанир ругеб гъутухъги, тетрадалги. КъачIан букIана школалде ретIунеб тIасан хъахIал чIалал рачараб чIегIераб гурдеги. Камун рукIана цохIо хьитал. Гьелгияли роол авалалдаго росун рукIарал ясалъе. Гьале кIиябго моцIги магIарухъ бан ячIиндал, тIад гьинаризе кIвечIо.

– Вигь! Вигь! КигIан хекко гьалъул хIетIе кIодолъараб? – илан гIажаиблъи гьабулеб букIана эбелалъ.

– МагIарухъ гьава рекъон буго гьалъие. Гьай жийгоги кIудияй гIун йигеб куц бихьуларищ дуда? – ян рази вукIана эменги. – Цо гIажаибго берцинаб кьерги рехун буго гьурмаде.

– Кверазда пинкьалги рахъун руго, – ян тIаде жубана эбелалъ.

– ХIалтIул пинкьал руго, МадихIат, гьел. Гьездаса чIухIизе ккола, – ян абуна гьанжеги инсуца. – Пинкьал гурелги, анцIила щуазарабго гъурущ гIарацги бачIана анкьго сон барай Субайбатица.



– Дун щибаб риидал ина, дада, кIодохъе, – ян абуна Субайбатица. – Доба букIунеб лъикI!..

Гьале гьанже таксиялдаги рекIун, эбелгун цадахъ шагьаралъул къватIазухъан тукабазде хьитал ралагьизе унеб мехалъги доба рикIкIада хутIараб росдал сипат цебе тIамулеб букIана Субайбатида. КIиго щобда гьоркьоб бугеб расалъуда рещтIараб гIиял рехъенилан кколаан рикIкIадасан кIодол росу. Радал КьилимегIералъул бакьулъан баккун бачIунеб бакъуда цадахъ яхъунаан дой. Босун щагIил гIортогун гIака бечIчIизе унаан. Гьелда гьоркь лъезе лъаббохилаб гьитIинаб бакIгун хадуйго Субайбатги унаан.

КIодоца, тIад кверги бахъулаго, гIакдада абулеб букIанщинаб хIеренаб рагIи! ХIалимго балагьулаан гIакаги гьелъухъ. – «Гьа, кIудияй, бичIчIанин дур мурад, бечIчIе дурго дун», – ан абулеб бугин гьелъан кколаан. Цинги бакIитIаги кIусун, бисмиллаги бахъун, моцIабаздаса килщазда гьоркьосан чвахун бачIун рахьдал хинаб цIад балаан хъабинибе.

– Дихъеги кье, кIодо, – ян гьардолаан Субайбат.

– Дуе хеккого буго, дару-дарман, гIака бечIчIизе. Дуца гьаб рахь гьекъе. Гьалъ би гIемер гьабула, – ян хинлъилаго бугеб рахьдал кружка кьолаан кIодоца. Вабабай, гьелда букIараб тIагIам! Данде чедги хIанчIун, гьекъолаан Субайбатица гьеб.

Гьелдаса хадур унаан нилъги босун хурире...

Гьаб бакIалда гьоркьор къотIана Субайбатил ракIалдещвеял. ГIиссинккун балеб цIадалда гьорлъан машинадул гордухъан ялагьарай гьалда доба цо тукада цIалкIу бихьана.

– ЧIезабе, даци, машина, – ян ахIана гьалъ. – Доба цIалкIу буго.

Хьирхьириги бахъинабун машина чIана.

ГIажаибго ялагьана эбел Субайбатихъ.

– Кинаб цIалкIу? – ян гьикъана гьелъ.

– Ханжу цIалкIулеб цIалкIуха, эбел, – илан жавабги кьун, машинаялдаса гьоркьеги рещтIун, тукаде екерун ана Субайбат.

– Ниж рачIинегIан чIа, – ян шоферасдаги абун, ясалда хадуй эбелги лъугьана тукаде жание. – Гьалъие цIалкIугIаги щай?..

– КIодое, чIе, – ян жаваб кьуна эбелалъул суалги рагIун, Субайбатица. – Долъулаб басралъун буго. ТIахьди кколеб гьечIилан зигардилей йикIуна дой.

Гьединги абун, гьоркьа-тIад лъурал цIалкIаби ругеб рахъалде гIедегIана яс. КигIан цо цIалкIуялъухъан цIехана йичарухъаналда.

– Лъабазарго гъурущ, – илан жаваб кьуна долъ.

– Ма, гIарац, – илан эбелалъ сумкаялъусаги бахъун, аза-азар гъурущалъул лъабго кагъат бегьана йичарухъаналъухъе.

– Дирго гIарцухъ босила, эбел, – иланги абун, Субайбатица жиндирго багIараб гьитIинаб бумажникалъусаги бахъун, сукI-сукIун лъураб анцIазарго гъурущ кьуна йичарухъаналъухъе. – КIиго цIалкIу кье, ада. Цоцада жанибги лъун, кIиябго цIалкIуги каранде къан ана гьей машинаялда аскIое.

– Дуе кIигогIаги щай, дир яс, букIараб?

– Цояб кIодое, цояб кIодол мадугьалалъе, – ян жаваб кьуна Субайбатица. – Гьанже росулъ цIалкIаби гьарулев устарги гьечIила. ЦохIо жиндир рукъалаби раРаб баркаман бугила кинабго авалалъего къваригIел тIубан абулей йикIана кIодо. Гьанже кIиго цIияб цIалкIу букIина долъун.

Машинаялда жанире лъугьараб мехалъги, хазина гIадин, каранде къараб гIодобго лъолеб букIинчIо Субайбатица кIиябго цIалкIу. БитIун жидерго рукъзабазда цере щолеб мехалъ, гIодоре рортизе цIалкIалги риччан, машинаялъул нуцIида хурхана гьай.

– Хекко рагье, даци, гьаб!

Шоферас нуцIа рагьарабго, екерун ине лъугьана яс.

– Мун кие? – абун ахIана гьелдаго хадуй гъоркьеги лъугьун, нух бакьулъ чIун хутIарай эбелалъ. Гьелъ кIвар кьун букIинчIо нух бахун дорехун «торгIо кьабгIи» гьабулел васазде. ТоргIоялъул бакIалда гьез цоцалъе кьабгIулеб бугоан чадил гурга.

Субайбат цоясул хIатIикьа гирун бачIунеб гургаялда тIад хурхана. Цинги тIадеги пун, хIурги нахъе инабун, жиндирго кIаркьада цуйзабуна. Бадисан гирун рачIунаго магIил гаралгун, цо щибалиго щурулеб букIана гьелъ гургаялдехун.

– Мун ГIалидаги ГIусманидаги тIасалъугьа, Аллагь! – ан абулеб рагIана лъималазда.

– Балагье бакъва-гвадараб гурга сабаблъун нижеда тIасалъугьаян Аллагьасдеги гьардолей йиго гьай жо, – ян абуна ГIусманица.

– Йигоха – ян жаваб кьуна щакърахунаго ясалъ.

– Аллагьас щиб нилъее гьабилилан мун йигей? – илан велъана, гьанжеги ГIусман.

– Чадидаги рухI бугилан абуна кIодоца. Гьелда тIад чIараб хIетIе рекълъулеб буго. Гьеб инжит гьабурал чагIи, ракьун, инжитлъулел руго.

– Уйила дуе, – ян дагьаб хIеккана ГIусманил гьаракь.

– Уха – ян абуна Субайбатица. – ЦохIо гьеб чадил гургаялъе щуазарго ролъул мугь къваригIуна. Щибаб тIоралда жаниб лъеберго-кIикъого мугь букIуна. Чан тIор бищизе кколеб бугеб...

Субайбатида ракIалде щвана жиндаго тIор бакIарулаго бихьараб къо. Росда нахъа ругел хурзабахъ лъилъарулел рукIана. Нилъалъ къотIунго-къотIун кIодоца квер цIун ролъул кваcIаби гулалъе кьурараб рухьада тIад лъолаан, тIоралги цо рахъалде руссинарун.

Гьелда хIайранлъун йикIунаан Субайбат.

– Дихъеги кье, кIодо, нилъ, – илан гьардолаан гьей.

– Дуе хекко буго, дару-дарман, лъилъаризе. Дуца хурисаги нухдасаги тIор бище, – ян малъулаан долъ.

Байбихьана Субайбатица лъилъулагоги, баччулагоги гIодобе гъараб тIор бищизе. Бакъанида бригадирас цIайдал гьелъ бищараб тIоралъул тIубараб кило бахъана. Гьей свакангиги йикIана. Амма кIодоцаги бригадирасги еццидал, свак кIочон тана. Гьеб сордоялъ гIадин гьелда хинкIил гьуинлъи лъачIо. Нахъисеб къоялъги байбихьана тIор бищизе. Гьединаб хIалалда хIалтIана яс лъилъари лъугIизегIан кIодогун цадахъ. Цинги хIасил гьабидал анцIила щуго кило тIоралъул бищун батана. Гьелъухъ гьелъие анцIила щуазарго гъурущги кьуна. Гьел гъурщал жанир лъезе кIодол мадугьалалъ бумажникIги кьуна. Дунялго кьураб гIадин йохун йикIана Субайбат гьаб жиндирго хIалтIухъ щвараб гIарцудаса.

Гьале ГIалицаги, ГIусманицаги, кIодоцаги, гьалъги, цойгидал росдал гIадамазги гIетIги тIун гIезабураб ролъул гурга торгIоялъе кьабгIулеб буго. ХIуралдасаги кIутIун, каранде къараб гьеб бортун ун, нахъойги нухде ккелеб гIадин хIинкъун йиго Субайбат. Цинги нухдеги ккун, лъицаниги хIатIица хъилдани, гьеб хIетIеги рекълъун хутIила гурищ пулан.

– Ма дурго цIалкIал, – илан абуна таксиялъул шоферас, гьелда гъол кIочон ратилел гIадин.

– Баркала, – янги абун росана Субайбатица гьел.

– Дуе буго, дир яс, азарабго баркала. Дуца дунгоги кантIизавуна, – ян жаваб кьуна шоферас. – Чадил дуца гьабулеб хIурмат бихьидал дунгоги нечана. ЧанцIул бакъвараб гьеб къватIибе рехараб дицаги.



Мухlамад Гъазиев

# Маргъабазул сандукI

***

Гьаб сандукI щибаб къойил
Къан буго дугъдазабун.
Лъалищ дуда, дир гьудул,
Гьаниб жаниб бугеб жо?

Дуца кIал балагьуге
Гьалъул кIалтIу ричIизе.
Гьаб рахалеб кIул гьечIо,
Гьаб ричIулеб кIул гьечIо.

ГIенекке маркIачIуда
Дунял бецIлъулеб гIужалъ,
ГIенекке кьижулаго,
Берал къанщулеб мехалъ.

СандукI жибго ричIула,
ТIалъел жибго рагьула,
Халатаб квар киниги,
Маргъаби аскIор щола.

ХIатIил тIвапи рагIани,
ТIурун уна маргъаби,
Сардилъ гIоди, релъи-хъуй,
Бахъани, гьел рахчула.

Маргъаби сокIкIун руго
СандукIалъул тIиналда.
РачIа цо гIенеккизин
ГIажаибал маргъабахъ!..

# Циги ясги

1.

Цо нухалъ Циги Церги
Ччугlа кколел рукlана.
Цо кlургlараб расалъул
Яс аскlое ячlана.

– Рорчlами! – ян абуна, –
Гьабилищ нужей кумек? –
Балагьана гьалъухъ Цер,
Ццим бахъана
Царал цlакъ:

– Бетlер хачlей, чорокай,
А, а гьаниса нахъе!
Мун йиххьани, тlолабго
Тlурила нижер ччугlа!

– Гьай гьитlинай,
гьайбатай,
Дир ясалда релълъарай,
Расги кlургlараб гьалъул, –
Кlалъана Ци хlеренго.

2.

Пуна цlорораб гьари,
Цlуна зобал накlкlаца,
Базе лъугьана гlазу,
Сородана квачан яс.

Бахъана Цица тlимугъ,
Лъуна ясалда кодоб:
– Босе дуего тlимугъ,
Тlад ретlе, эбелалъул!

Огь, хинлъи тlимугъалъул,
Тlад рекъей гьалда
гьалъул!
Эбелалда йиххьани,
Лъазе гьечlо. Къосина!..

3.

Щвана бакъанил гlужалъ,
Ретlун тlимугъгун рокъой.
Рагьана йохун нуцlа,
Йиххун хутlана эбел!

– Киса дуе гьаб тlимугъ?
Киб батараб дуда гьаб?
– Дие гьаб Цица кьуна, –
Кьуна ясалъги жаваб.

– Дуе тlимугъ кьураб Ци
Ахlе, дир яс, гьоболлъухъ!..

4.

Ахlана. Бачlана Ци.
Чlезабуна тахида.
Гьанги, чедги, гьоцlоги...
Гьаниб гьечlеб жо гьечlо!..

...Ахиралда рокъобе
Тlобитlулеб мехалда,
Гlемераб ччугlа ана
Гьелъухъе кьун тlанчlазе...

5.

Бекерун бачlана Цер
Цида данде. Гьикъана:
– Гьадин гlемераб ччугlа
Кибгlаги дуца ккураб?

Ци цодагьалъ гьимана,
Гьабуна Царай жаваб:
– Рас кlургlарай ясалъул
Сайгъат буго дие гьаб!

Ччугlиде лъураб хьулалъ
Ана Цер ясалъухъе...

– Дида мун кlочон течlо,
Кlургlараб расалъул яс!
Кье, лъикlай,
дагьаб ччугlа, –
Кlалъана Цер
нуцlихъ чlун.

Ясалъ нуцlа къиричlо,
Къватlие гьей яккичlо, –
Ццидаца гьанкъулаго
Рокъобе буссана Цер...



Камил Зиганшин

# Цакъу

Хасало рохьоб бекерахъдулаго, Маха (цакьу) царал лъалкIазде тIаде ккана. БачIинахъего гьелъ гьелде кIудияб кIварги кьечIо. Дагьабго добегIан гьелда халлъана хIалицаго багъарулеб цIабагIараб цер. ЦIодорго гьелде гIагарлъулебги букIун, цакьу циндаго чIун хутIана. Амма царатIаса бер босичIого балагьунги чIана. Царал нур ссунел беразда щибго халлъулеб гьечIилан ккана гьалда ва бичIчIана гьелъул тIубанго къуват лъугIулеб букIин. Бералги кунчIун рачIун, киналго квен балагьулел хIайваназулго гIадин, кванде гъира бана гьалъулги. Гьелъ царал щекъер ккуна. Цер гурхIараб хIалалда угьдизе лъугьана ва квачIазул кумекалдалъун цакьуялъул кIалдиса жиндирго щекъер борчIизабизе къеркьолеб букIана. Царал дагь-дагьккун квачIалги гIодоре далун ана.

Маха гIорцIизегIан царал гьанги кванан, кьурул кьватIалабахъан чваххулеб бугеб лълъеда хIохьбазе лъугьана.

Кьурул хIатIаахада, гIисинго рохь рекIараб бакIалда залимал накIкIигъутIбиги рукIана. Гьезул къватIире рарал чIахIил кьалбазде чваххулеб пицIцIил киналалиго гIаламаталги лъугьунел рукIана.

Маха иргадал гъутIбузул халгъабизе лъугьана. Гьелда цо гIажаибго гьуинаб махIчIвалеб букIана. Гьеб гъат-гъатккун гъотIол макъар букъизе жубана. Гьеб хIалтIи хIинццго унеб букIана, амма рогьиналде гъотIода жанибехун гъваридго багьараб картIинисан гьацIцIул махI жеги гучго чIвазе лъугьана. Гьелъул гьоцIо чIикIизе бугеб гъира жеги цIикIкIана. ХIацIцIуги къулчIулаго, гъотIол каратI дагьабги гIатIид гьабизе хIаракат бахъулеб букIана. Ахирги цакьу хъантIун гьацIцIул къучIби кваназе лъугьана.

ГьоцIо вакъваяб ва канчIтIогьилаб букIана. Махаца гьоцIо гьелда рекIарал наялгун цадахъги кваналеб букIана. ЧIехь цIезегIан кванан хадубги гьеб нахърател цогиязе хутIизеги бокьун букIинчIо гьелъие.

ГъотIол гIаркьалабазда чIчIараб гIаздаца къечги хьвазабун, аскIобго букIараб махигъотIол тIамхаздалъун накIкIигъотIода жинцаго гьабураб гьодориги бахчизабун, гьацIул берцинаб махIалъ мехтараб, разияб Маха кьижун ккана.

Гьеб заманалда рохьов тирулев вукIана гIалхул найил тIулбузул бетIергьанги. ГъотIокье гъарал макърил рекалаби рихьигун, жиндирго хазинаялде цIогьор ккараблъи бичIчIана гьесда. Халгъабидал, хехгого берчIвана гъачагълъи гьабураб Махада. ТIубанго жиндир магIишат тIагIиналде цIогьор кквезе ракIалде ккана гьесда. Гьесул лыжабазул сас бахъингун, макьу тIурараб цакьу, гъотIокье гIадан-инсан щун вукIинги бичIчIун, рахIатхун лъугьана. Гьев нахъе унеб хъвашиги рагIун, нахъеги кьижизе бегана.

ЦIакъ рахIатлъун лъугьарав найихъан, цогидал накIкIигъутIбузул гьудралги цакьдаца гьодор гьарилалде, гьелъие гьезе гудралги росун тIадвуссана. Найихъанас гьелъие къор битIана ва гьелда гьанал кескалги рекъезарун, нахъе ана.

Махада лъана жинцаго рукIел ккураб бакIалде нахъеги чи гIагарлъаравлъи. Гьанже гьелъулги рахIатхвана. Гьодриниса къватIибеги баккичIого, цIодорго гIенеккана гьеб щибаб чIинхъиялъухъ. Гьелда рагIана рикIкIаде тIагIун унел лыжабазул сас.

Дагьабго ракI гIодоциндал, гьелъ халгьабуна гьеб щакаб маххул тIагIалил. Щибго бичIчIичIеб гьелъул гIинда чIвалеб букIана накIкIигъутIбузул ка-

ралълъ квашулеб гӀодобиччараб гьорол сас.

ХъантӀун кванараб гьуинлъиялъ Маха нахъеги къечезабуна. Гьабугьин къватӀибе бахъине хӀалбихьулаго, квачӀ сунцаялиго борлълъараб гӀадаб гӀассияб унтиялъ черхалдаго цӀа рекӀанилан ккана. КигӀан нахъегӀан къан къеркьаниги, гьодрил кӀалтӀа гъураб гудрал чармил гажаз гьеб цӀакъ щулаго ккун букӀана. Хонжроца буссунеб гӀадаб хӀал букӀана квачӀалъул.

Ццинбахъун тӀадги речӀчӀун, гьеб «тушман» кӀалалъ букъизе жубана Маха. Гьелъул гажал хъурун унел рукӀана. Гьедин къеркьолаго ана чанго сагӀат.

Квач цӀикӀкӀине лъугьана. Гудраца къарал малъралги цӀулал жал гӀадин, паркъалдаса ун рукӀана. Жиндирго квачӀалда барахщичӀого, тӀомги цӀцӀалалги лъавудаса инедухъ унтулеб бугониги, букъун, гудракьа борчӀизабуна гьелъ.

Ругънаде кӀварго кьечӀого, тӀуризе гӀамал гьабулеб букӀана гьелъ. Гьелда лъалаан, рогьиналде гьеб бакӀ течӀони, цойги кӀудияб балагьалде ккезе бегьулеблъи.

Бакъбаккул рахъалде канчӀбагӀараб рогьел рехана. Бакъул тӀоцересел чӀорал ракьалде риччазе лъугьана.

Найихъан гӀедегӀун щвана жинцаго гудрал гъураб бакӀалде. Жиндирго хъизан-рукъ хьихьарал наялги гьоцӀоги цӀуни гуребги, цакьдал къиматаб цӀоко бахъизеги анищалда вукӀана гьев. РикӀкӀадасанго гьесда бихьулеб букӀана гьелъул кьералъул берцинлъиги цӀакил гьайбатлъиги. Бер къапилалде, гӀаздатӀа бидул лъалкӀалги тун, ун батана Маха. Багьа хирияб цӀоко ччукӀизе букӀараб гьесул анищги пашманлъиялъ хисана.

Хасел инегӀан, хьулазда хьваданиги, найихъанасда цакьу тӀокӀалъ гьеб рахъалде гӀагарлъун бихьичӀо.

Хвеледухъ хӀинкъараб Маха, гӀисиналги чӀахӀиялги лъаралги рахунаго, лъукъараб квачӀги гӀодоб тенколаго, рикӀкӀаде щвезегӀан бекерана. Лыжабаз мухъаххараб нухдаса нахъегӀан лъутизеги яхӀ бахъулеб букӀана гьелъ.

Рохьал ризлъанагӀан, гъутӀби рорхалъанагӀан, ракӀ парахалъун лъугьунеб букӀана Маха. ТӀогьал гӀаздал цӀураб кьурул ссиртахъ бижараб тамалоялъ гӀадан-инсанасдаса бахча-хьвараб гӀадаб бакӀалда паракъалъана гьеб. Гьаваялда жубараб кӀкӀвелкӀкӀил берцинаб махӀалъ ракӀги пана гьабун, бохун лъугьана Маха. Нахъа хутӀана тушманаб, хӀинкъи нахъаса къотӀулареб, маххул къотӀабаз къор гъолеб, кидаго щибго хадуб чӀчӀараб тӀабигӀияб дунял.

КӀочон тараб гӀадаб рохьил рагӀдукье ккараб накӀкӀигъотӀол гьодриниб батараб рехунтараб гвангвадул бусатӀа сасана, ахир-къадги эбеллъун бахъине мех щвараб Маха. Кинаб дуняалдайха дандчӀвала гьелъул гьитӀичазда?

*Буссинабуна ГӀаишат Малачиевалъ*



ХIадур гьабуна Абакарова ПатIиматзагьраица,
Генуб гьоркьохъеб школаялъул, 4 классалъул цIалдохъан.

## Эбелалде

Дурго черхалдаги барахщичIого
ИчIго моцIалъ ургьий дун яччаралъухъ,
Дурго рухI босилин хIинкъи гьечIого
Диеги рухI кьурай, баркала эбел.

Дунялалде ячIун дие керен кьун
Дун гIезе гьаюрай, баркала эбел.
Гьединан ятила Аллагьасги мун
Лъабго нухалъ цIикIкIун йокьизаюрай.

Дуе баркала кьун дун гIорцIуларо
ГIемерал пайдаби гьаричIонани,
Мун йоххизе дица щибдай гьабила?
Аллагьас цIунайги квешлъабаздаса!



## Дир дада

Дир гIадинав эмен цоги лъил вугев?
Ворхатав, берцинав битIун хьвадулев?
ГIадилав, гIакъилав, гIадан хирияв
ГIадамаз кидаго хIурмат гьабулев.

Унтарав вугони ваккизе уна,
Вакъарав вугони гIорцIизавула.
ГIагарлъи къваридго бугин рагIани
Векерун щола гьев бищунго цеве.

ХIаскъилан абулев аварагасул
ГIамалги баркатги щун батайги дуй.
Аллагьас цIунайги квешлъабаздаса,
Щулияб сахлъи дуй нусабго соналъ.

* * *

Цо гIадилав инсул вас, цебе заманаялъ, дарсидаса къватIиве гъола. Гьев рокъове щваравго эмен вагъула. Ккараб бицарабго, инсуца гIурус учительница рукъалъ йигей бакIалдеги ун, тIасалъугьаян абизе витIула. Нухда гIемер ургъула гьав киндай абизе кколебан. КIалтIе щведал, гьес хIукму гьабула: наверх – тIаса, иди – лъугьаян. Ва абула: «Раиса Петровна, наверх иди» – ян.

* * *

Салимат абулей ясги, ГIайшат абулей нусги рукIана кIодол. ГьитIинай йигониги яс, гIурус учительница гьоболлъухъе ячIиндал тIаде яхъунаро, кIудияй нус тIаде яхъуна. КIодоца абула: «Иставай Салимат, садвай ГIайшат» – ан.

* * *

50 соналъ цебе, Генуб росулъ, учительница Валентина Сергеевнаялъ цIалдохъабазухъа хасало бичун босулеб букIун буго чIегIераб хурма. Фуфайкаялъул кусбиги цIун бичизе арав 6 классалъул цIалдохъанасул цо кисаялъ цIолаан 5 банка, ва щолаан 1 гъурущ доб гIарцул. Амма, бащдаб киса аниги банка цIечIо. Валентина Сергеевнаялъул квенчIелида лъун букIана банка. ЦIодорав цIалдохъанас щаклъарай учительницаялда абуна: «Валя, банка садись на пол» – абун. Эдинги, учительницаялъ банкаги багьун, гьоркь бухьун букIун буго капрон щвата.

Наби ГIисаев

# Дир гьудул Камил

Кида хIажалъаниги,
Кумекалъе ватулев
Камил – гьудул вуго дир
ГьитIинаб мехалдаса.

КIиязулго минаби
АскIор цун гIадин руго,
Рагъидаса рагъиде
КIанцIизецин бегьула.

Авлахъазде кIиялго
Бачаздаги уна ниж.
БуртIие гIурччинаб хер
Къвал цIун, цадахъ босула.

Цо-цо дагIбаги ккола,
Амма гIемераб мехалъ,
Барщун чIезе кIоларо,
Кверал росун, рекъола.

Физзарядка гьабизе
Радал хекко рахъуна,
Хадуб цIорораб лъеца
ЛъикIалан черх чурула.

Гьудуласдаса даим
БукIуна рекIел чIухIи,
Дица гьеб къисматалъул
Сайигъатлъун рикIкIуна.

Гьединав гьудул гьечIо
Гьашимил, Жаватханил,
ЖахIда ккун, мех-мехалда
Хадур ралагьун чIола.

Балагье цо гьитIинго
Гьазул бугеб цолъиян
Цо-цо мехалъ рагIула
Руччабазги абулеб.

Амма нусго сон барав
КIудада Мансурица
Молодецал ругилан
Нижей рецц-бакъ гьабула.



## АдухIица абуна

– Рокъобе хIалтIи кьечIищ, АдухI, дуе учительницаялъ? – ан васасухъ ялагьана эбел.

– Кьуна, – ян гIодове къулана АдухI.

– Щайха гьеб гьабулареб?

– Рокъобе кьураб хIалтIи рокъор ругез гьабе, дица гьаризе кколел мисалал классалда гьарун рукIана, – ян ракIчIун кIалъана вас.

## Дуцаго абичIищ

– Микьабилеб марталда ясазе сайгъатал гьаризе гIарац босанищ? – ан цIалдохъабаздехун юссана учительница.

– БосичIо, – ян абуна АдухIица.

– Эбелалъ кьечIогойищ?

– Дица гьелда бицинчIо гIарац бакIарулеб букIин.

– Щайха бицинчIеб, АдухI?

– Дуцаго гурищ лъазабун букIараб, нужее бокьулареб рагIи жиндихъа абун борчIани, эбел-инсуда бицунгейилан.




Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

Лачен

2/2019

март – апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Регистрационный номер
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,11.
Уч. печ. лист 3,26.

Сдан в печать 6.05.2019 г.
Выход в свет 15.05.2019 г.
Тираж 1310 экз.
Заказ № 362.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.